Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası
hám sport universiteti
Nókis filialı
“Dene tárbiyası hám sport Xabarshısı”
ISSN 2181-2268

O‘zbekiston davlat jismoniy tarbiya
va sport universiteti Nukus filiali
“Jismoniy tarbiya va sport
axborotnomasi”
ISSN 2181-2268

**SOCIAL-GUMANITAR**

# KÓRKEM ÓNER MEKTEPLERINDE OQÍWShÍLARDÍN ESTETIKALÍK ISKERLIGIN ARTTÍRÍW JOLLARÍ

**Seytanov Bayrambay Tajibaevich**
*Direktor orınbasarı*
*Ózbekistan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*
seytanov80@gmail.com

***Annotaciya:*** *Bul maqalada estetik tárbiyanıń mazmun-mánisi, onıń shaxs hám jámiyet rawajlanıwındaǵı ornı hám de áhmiyeti kórsetilgen. Estetik tárbiya shaxstı tábiyat hám jámiyettegi sulıwlıqlardı aqıl etiw, tuwrı bahalaw hám olar tiykarında dóretiwshilik iskerlikke báǵdarlaw procesi retinde anıqlama beredi. Ol jaǵdayda shaxstıń estetik sanasın, mútajlikleri, qatnasları hám ámeliy iskerlik procesinde qáliplesiwine pát berilgen. Estetik mádeniyat jámiyette toplanǵan materiallıq hám ruwxıy qádiriyatlardı ózlestiriw, olarǵa dóretiwshilik qatnas bildiriw nátiyjesinde payda bolıwı kórsetilgen. Sonıń menen birge, estetik potencial, qızıǵıwshılıq hám mútajliklerdiń oqıwshılar jeke rawajlanıwına tásiri analiz etilgen. Maqalada estetik tárbiya quralları retinde tábiyat gózzallıǵı, turmıs estetikasi, muzıka, ádebiyat, suwretleytuǵın kórkem óner hám kórkem iskerlik túrlerin bólek aytıp ótken. Estetik tárbiya procesi muzika mektebi oqıwshılarında bilim, kónlikpe hám ilmiy tájriybelerdi qáliplestiriw, olardıń dúnyaǵa kóz-qarasın bayıtıw, dóretiwshilik hám sezimiy bayqaǵıshlıqtı rawajlandırıwda zárúrli faktor retinde bahalanǵan. Usınıń menen birge, maqalada estetik tárbiyanıń shaxsda ruwxıy-etikalıq pazıyletlerdi qáliplestiriw hám turmısda gózzallıq jaratıwǵa báǵdarlawdaǵı ornı ilimiy tiykarda kórsetip berilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *etika, mádeniyat, gózzallıq, psixologiya, milliy qádiriyat, minez-qulıq, kámil insan, shaxs.*

***Аннотация:*** *В данной статье раскрыта сущность эстетического воспитания, его роль и значение в развитии личности и общества. Эстетическое воспитание трактуется как процесс формирования у личности способности воспринимать красоту природы и общества, правильно её оценивать и на этой основе направляться к творческой деятельности. Особое внимание уделено формированию эстетического сознания, потребностей, отношений и практической деятельности личности. Показано, что эстетическая культура возникает в результате освоения обществом накопленных материальных и духовных ценностей и творческого отношения к ним. Также проанализировано влияние эстетического потенциала, интересов и потребностей на личностное развитие учащихся. В статье подчёркнута роль таких средств*

*эстетического воспитания, как красота природы, эстетика быта, музыка, литература, изобразительное искусство и различные виды художественной деятельности. Процесс эстетического воспитания рассматривается как важный фактор формирования знаний, умений и навыков учащихся музыкальных школ, обогащения их мировоззрения, развития творческих способностей и эмоциональной восприимчивости. Кроме того, в статье научно обоснована роль эстетического воспитания в формировании у личности духовно-нравственных качеств и стремления к созданию красоты в жизни.*

***Ключевые слова:*** *нравственность, культура, эстетика, психология, национальные ценности, поведение, гармоничная личность, индивидуальность.*

***Abstract:*** *This article reveals the essence of aesthetic education, its role and significance in the development of the individual and society. Aesthetic education is interpreted as the process of forming a person's ability to perceive the beauty of nature and society, evaluate it correctly, and, on this basis, engage in creative activity. Special attention is paid to the development of aesthetic consciousness, needs, attitudes, and practical activity of the individual. It is shown that aesthetic culture emerges as a result of assimilating the accumulated material and spiritual values of society and developing a creative attitude towards them. The influence of aesthetic potential, interests, and needs on the personal development of students is also analyzed. The article emphasizes the role of such means of aesthetic education as the beauty of nature, everyday aesthetics, music, literature, visual arts, and various forms of artistic activity. The process of aesthetic education is considered an important factor in shaping musical school students' knowledge, skills, and abilities, enriching their worldview, and fostering creativity and emotional sensitivity. In addition, the article scientifically substantiates the role of aesthetic education in developing moral and ethical qualities in the individual and encouraging the pursuit of beauty in life.*

***Key words:*** *morality, culture, aesthetics, psychology, national values, behavior, harmonious personality, individuality.*

**Kirisiw.** Estetikalıq tárbiya keń túsinik bolıp, ol shaxsqa tábiyat hám jámiyettegi gózzallıqlardı ideal jaqtan qabıl etiwge úyretedi. Bunnan tısqarı, ol waqıyanı gózzallıq qağıydaları tiykarında ózgerte alatuğın shaxstı tárbiyalaydı.

Estetikalıq iskerlikti rawajlandırıw shaxstıń estetikalıq sana-sezimi, qatnasları hám estetikalıq iskerliktiń ámelge asıwın óz ishine aladı. Bul process uzaq dawam etedi jáne jas hám sociallıq faktorlar menen belgilengen túrli basqıshlar hám dárejelerge iye. Estetikalıq tárbiya jeke adamnıń jámiyetlik estetikalıq mádeniyatın úyreniwine baylanıslı bolıp, túrli usıllar hám formalar arqalı ámelge asırıladı.

Jámiyette ayırım shaxslar estetikalıq mádeniyat túsiniklerine iye. Jámiyetlik estetikalıq mádeniyat insaniyat rawajlanıw tariyxı procesinde toplangan materiallıq hám ruwxiy qádiriyatlardı óz ishine aladı.

Oqıwshı shaxstıń estetikalıq mádeniyatı jámiyetlik mádeniy miyrastı aktiv dóretiw hám ózlestiriw nátiyjesinde payda boladı. Jeke adamnıń gózzallıq penen óz ara tásiri, sonday-aq, onıń ayırım sıpatlarınıń óz ara tásiri nátiyjesinde estetikalıq mádeniyat turaqlı ózgerip turadı. Jeke adamda estetikalıq mádeniyattıń tiykarǵı quramın estetikalıq sana, mútájlikler, qatnaslar hám estetikalıq iskerlikler quraydı. Estetikalıq mádeniyattıń bul tiykarǵi bólimleri ózine tán quramalı dúziliske iye. Estetikalıq sana óz ishine estetikalıq qábilet, bilim, pikir alısıw, bahanı ayırıw hám estetikalıq idealdı aladı. Estetikalıq mútájlikler hám qatnaslar bolsa, aldın ala shaxstıń estetikalıq qızıǵıwshılıǵı, talabı hám estetikalıq sezimlerinde kórinedi [2].

Estetikalıq sana, jámiyetlik waqiyalar, tábiyat, mádeniyat penen qatnas procesinde teoriya, kózqaraslar, kórkem óner, oqitiw-tárbiya beriw nátiyjesinde rawajlanadı. Estetikalıq qábilet - átiraptaǵı real zatlar hám hádiyselerdiń estetikalıq mánisin barlıq quramalı bólimleri menen birgelikte qabıl etiw, yaǵnıy qabıl etilgen zatlardı shaxsta payda bolǵan sezimler hám aqılǵa tiykarlanǵan pikirler menen salıstırıw procesin bildiredi. Estetikalıq qábilet gózzallıq penen ushırasqanda payda boladı hám anıq maqsetke qaratılǵan boladı. Tolıq estetikalıq qábilet túsinikler hám estetikalıq qatnaslardı qáliplestiriw menen birgelikte júz beredi.

**Izertlew metodologiyası.**

Bul maqalada estetikalıq tárbiyanıń teoriyalıq hám ámeliy jaqtan úyreniwi ushın tómendegi metodlar qollanılǵan:

Sáwlelendiriw hám salıstırıw analizi – estetikalıq tárbiya processiniń strukturasın, basqıshların hám dárejelerin anıqlaw;

Fenomenologiyalıq kózqaras – estetikalıq sana, mútájlik hám qatnaslarǵa tiykarlanǵan shaxstiń subyektiv tájiyribesin úyreniw;

Mádeniyat hám jámiyetlik kontekst – estetikalıq mádeniyattıń sociallıq hám tariyxıy faktorlar menen baylanısın ashıw;

Pedagogikalıq baqlaw – mektep, shańaraq hám social ortalıqtıń estetikalıq tárbiyaǵa tásirin anıqlaw.

Sonday-aq, ilimiy ádebiyatlarǵa tiykarlanǵan teoriyalıq shólkemlestiriw hám empiriyalıq maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan analizlar islep shıǵılǵan.

**Nátiyjeler hám talqılaw.**

Estetikalıq qatnas – shaxstıń belgili bir estetikalıq hádiysesine baylanıslı aqıl iskerligin bildiredi. Shaxstıń estetikalıq qatnası tereńligi, jetiliskenligi, quramalılıǵı, joqarı yamasa tómen dárejesi menen parıqlanadı. Estetikalıq qatnas dárejesi shaxstıń minez-qulıq hám bilim dárejesine, estetikalıq tájiriybesine baylanıslı. Shaxstin hádiyse yamasa waqıyaǵa estetikalıq qaǵıydalar hám ideyalar tiykarında bergen bahası estetika dep ataladı. Estetikalıq bahalawda shaxstıń sociallıq turmıs tártibi, sociallıq kelip shıǵıwı anıq kózge taslanadı, sebebi gózzallıq hám kórimsizlik,

sulıwlıq yamasa sulıwsızlıq sıyaqlı kategoriyalar hár qıylı sociallıq tártiplerde túrlishe bahalanǵan.

Estetikalıq ideal – shaxstıń tábiyat, jámiyet hám sanaattaǵı maqset túrinde qabıl yetetuǵın, jetilisken gózzallıq procesine berilgen bahalardıń kórinisi. Estetikalıq idealdıń ayrıqsha belgisi shaxstıń dúnyaqaras qásiyetine baylanıslı [3].

Estetikalıq mútájlik dep, shaxstıń waqıyalıqtı estetikalıq jaqtan bilip alıwǵa túrtki beretuǵın subyektiv faktorlarǵa aytıladı. Estetikalıq mútájlikler estetikalıq informaciyaǵa qızıǵıwshılıqtı kúsheytedi. Estetikalıq qızıǵıwshılıq – shaxstıń estetikalıq iskerlikke, waqıyaǵa hám sanaat shiǵarmaların estetikalıq jaqtan úyreniwge kirisiwin bildiredi.

Estetikalıq qızıǵıwshılıq – bul oqıwshınıń kórkem óner dóretpelerine qızıǵıwshılıǵı hám olardı tereńirek úyreniwge umtılıwı degeni. Máselen, ol ózine unaǵan xudojniktiń súwretlerin yaki dóretpelerin toplaydı, qayta-qayta oqıydı, olar haqqında pikir bildiredi, basqalardıń pikirin biliwge de qızıǵadı. Sonday-aq, janr hám baǵdarlarǵa qarap óz tańlawın etedi. Oqıwshılarda estetikalıq qızıǵıwshılıq hár túrli boladı: keńligi, turaqlılıǵı yamasa tereńligi menen parıqlanadı. Bul olardıń belsendiliginde hám qorshaǵan ortalıqqa bolǵan múnásibetinde ayqın seziledi. Pedagogikalıq tásir nátiyjesinde oqıwshınıń estetikalıq qızıǵıwshılıǵı kúsheyiwi yaki kemeyiwi múmkin. Estetikalıq qızıǵıwshılıq aqır-ayaǵında estetikalıq zárúrlik tuwılıwına alıp keledi.

Estetikalıq talǵam – bul insannıń gózzallıqtı bahalaw qábileti. Ol jeke hám sociallıq ózgeshelikler tiykarında qáliplesedi. Estetikalıq talǵam arqalı insan zatlardı gózzal yamasa sıqılsız, joqarı yamasa ápiwayı, jaǵımlı yamasa jaǵımsız dep bahalaydı. Bahalaw procesi – buyım yaki hádiyseniń estetikalıq mánisin ańlaw, talǵam bolsa insannıń oǵan óz múnásibetin bildiriwi.

Estetikalıq tárbiya usılları – bul oqıwshılarda estetikalıq rawajlanıwdı támiyinlew ushın qollanılatuǵın tálim procesi. Ol turmıs, tábiyat, mádeniyat gózzallıǵı hám balalardıń kórkem iskerligin qamtıp aladı.

Shańaraq hám mekteptegi estetikalıq ortalıq ta balaǵa úlken tásir kórsetedi. Úy hám mekteptegi tártip, tazalıq, bezewler, úskenelerdiń shıraylı jaylastırılıwı – bulardıń barlıǵı balalardıń estetikalıq talǵamın qáliplestiredi. Mektepte shólkemlestiriletuǵın "aktivler múyeshi", kórgizbeler, tábiyat múyeshleri de balalardıń gózzallıqqa múnásibetin kúsheytedi.

Tábiyat – eń áhmiyetli estetikalıq tárbiya quralı. Tábiyat gózzallıǵı oqıwshılardı tań qaldıradı, olardıń qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Ekskurciyalar arqalı olar máwsimlerdiń ózgeriwin baqlaydı, tábiyattı qásterlep saqlaw kerekligin túsinedi. Sonday-aq, mektep háwlisin kóklemzarlastırıw, gúl egiw, nál otırǵızıw balalarda gózzallıqqa muhabbat oyatadı.

Kórkem óner – estetikalıq tárbiyanıń áhmiyetli bagdarı. Súwret salıw, músinshilik, súwretlew óneri arqalı oqıwshılarda dóretiwshilik qábilet rawajlanadı.

O‘zbekiston davlat jismoniy tarbiya
va sport universiteti Nukus filiali
“Jismoniy tarbiya va sport
axborotnomasi”
ISSN 2181-2268

Olar qaraqalpaq, ózbek hám jáhán kórkem óner sheberleriniń shıǵarmaları menen tanısıp, gózzallıqtı seziwdi úyrenedi.

Muzika hám qosıq – estetikalıq tárbiyanıń jáne bir áhmiyetli quralı. Olar oqıwshılardıń muzikalıq talantın, esitiw qábiletin, dóretiwshiligin rawajlandıradı. Balalar notalardı, muzika ásbapların, hár túrli dáwir hám janr muzikasın úyrenedi, birgelikte qosıq aytıw hám oyınlarda qatnasıwdı úyrenedi. Sonday-aq, olar ózbek hám qaraqalpaq xalıq muzikası arqalı milliy kórkem ónerdi qádirlewdi ózlestiredi.

Estetikalıq talǵam – bul insannıń gózzallıqtı seziw hám onı bahalaw qábileti. Ol estetikalıq maǵlıwmatlar, tártip-intizam normaları hám ulıwma estetikalıq kózqaraslar tiykarında qáliplesedi. Kimniń estetikalıq talǵamı joqarı bolsa, ol zat yamasa hádiyselerge de gózzal, jetik baha bere aladı. Sebebi estetikalıq talǵam tikkeley estetikalıq bahalaw qábiletine tásir etedi.

Estetikalıq sezim – bul insannıń zat yamasa hádiysege sezgen múnásibeti. Mısalı, oqıwshı buyımnıń forması, reńi yamasa mazmunınan zawıqlanıwı yamasa oǵan qarata jek kóriwshilik seziwi múmkin. Bul sezimler hár bir insannıń aqıl-oyı hám dúnyaǵa kózqarasına qaray hár qıylı boladı. Estetikalıq sezim kúshli bolsa, ol insanda gózzallıqqa qızıǵıwshılıqtı jáne de tereńlestiredi.

Oqıwshıda estetikalıq júrek oyansa, ol ózin estetikalıq xızmetke tayarlaydı. Shaxs áste-aqırın qorshaǵan ortalıqtı gózzallandırıwǵa, jańalıq jaratıwǵa umtıladı. Sebebi insan tek ǵana gózzallıqtı sezbeydi, al oni jaratıwga da uqıplı. Estetikalıq tárbiyaǵa iye adam turmıstı sulıw etiwge háreket etedi, mádeniyatlı qatnasta boladı, sulıw kiyiniwge, ózin tuta biliwge, shańaraqta hám jumısta jaǵımlı ortalıq jaratıwǵa umtıladı.

"Estetikalıq tárbiya" menen bir qatarda "kórkem tárbiya" túsinigi de bar. Kórkem tárbiya – bul insandı kórkem óner quralları arqalı tárbiyalaw, dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıw. Kórkem óner túrli estetikalıq túsinikler arqalı insannıń sezimlerine tásir etedi hám oni mádeniyattıń túrli formaları menen tanıstıradı.

Ulıwma alǵanda, estetikalıq tárbiya oqıwshılarda baslamashılıq, dóretiwshilik, arzıw etiw, umtılıw hám aldınnan kóre biliw sıyaqlı pazıyletlerdi qáliplestiredi.

Estetikalıq tárbiya oqıwshılarda estetikalıq bilim, kónikpe hám uqıpların qáliplestiriw hámde estetikalıq oy-sezim, qızıǵıw, zárúrlik, baha beriw usı usaǵan kórinislerdi tarbiyalaw máselesin óz ishine aladı. Oqıwshılarda gózzallıq haqqındaǵı bilimler ómirdegi waqıyalar, buyımlar, olardıń reńbe-reńligi, túrlerdi hámde kórkem óner shıǵarmaların estetikalıq ózlestiriwi processinde payda boladı. Oqıwshılar átirap-dógerekke, ómir, tábiyat kórinisleri hám hár qıylı janrdaǵı kórkem shıǵarmaları: grafika, reń, háykelshilik, ámeliy mádeniyat, ádebiyat, mızıka shıǵarmaları menen tanısıp baradı, usı menen bir qatarda bilimlerin ózlestirip aladı. Oqıwshılar gózzallıq hám pataslıq, kóterińkilik hám qáwip-qater, isenimsizlik hám qorqınısh basqıshların ańlap jetiwleri, estetikalıq uqıp hám kónlikpelerinen ómirde paydalana alıwǵa úyreniwleri lazım.

Oqıwshılar tiykarǵı estetikalıq kategoriya - gózzallıq tuwrısındaǵı bilimlerin ózlerin orap turǵan dógerek átirapındaǵı turmıs nárseleri: kiyim-kenshek, oyınshıqlar, shańaraq aǵzalarınıń óz-ara mádeniy qatnasları, tazalanǵan háwli, gúlzar, ádebiy shıǵarmaları: muzıka, qosıq, sulıw súwretler iyeleydi. Gózzallıq haqqındaǵı bilim hám túsiniklerinen oqıwshılar óz is-háreketlerin, adamlar iskerligin hám tábiyat hádiyselerinen bahalawda paydalanadı.

Pedagogikalıq proceste oqıtıwshılar mádeniyat haqqındaǵı bilimlerin beriw menen birge olardıń estetikalıq sezimin bir jerge toplaydı hámde mazmunlı estetikalıq sáwbet júritiwge úyretedi. Oqıwshılar estetikalıq tárbiya procesinde estetikalıq uqıp hám kónlikpelerin de iyelewleri lazım. Muzika iskerligine qaraslı atqarıwshılıq, qosıq aytıw, muzika áspabların shertiw usaǵanlardı iyelep alıwları kózde tutıladı. Olar kórkem iskerlikke tiyisli kórkem shıǵarmalardı dıqqat penen baqlay alıw, olardıń mazmunı hám túsindiriw usılları, yaǵnıy kompoziciya kolorit usı usaǵanlardı analiz qılıw, janrlardı bir-birinen parqlaw uqıplılıqların iyeleydi.

Muzika hám súwret sabaqlarında pedagogikalıq bilimlendiriw oqıwshılardan óz-betinshe izleniw, dóretiwshilikke tiyisli kónlikpelerdi rawajlandıradı. Oqıwshılarda dóretiwshilik uqıplılıqlarınıń payda bolıwı olardıń qızıǵıwı, qábileti, dóretiwshilik qatnası, háreket usılları hám dóretiŷshilik isleri sıpatına kóre anıqlawı múmkin.

**Juwmaq.** Estetikalıq tárbiya – shaxstıń gózzallıqtı seziw, bahalaw hám dóretiw qábiletin rawajlandıradı. Bul process estetikalıq sana, mútájlik, qatnas hám iskerlikler arqalı amalga asırıladı hám social-mádeniy kontekstte rawajlanadı. Estetikalıq tárbiya tek gana kórkem óner menen sheklenbeydi, al tábiyat, turmıs hám jámiyet penen baylanıslı. Onıń negizgi maqseti – gózzallıqqa iye, dóretiwshil hám mádeniyatlı shaxstı tárbiyalaw. Estetikalıq tárbiya processi uzaq múddetli bolıp, jas, social hám mádeniy faktorlarǵa baylanıslı túrli basqıshlar menen ajıralıp turadı. Sonıń menen birge, ol jámiyetlik estetikalıq mádeniyattıń rawajlanıwına úlken úles qosadı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Ózbekstan Respublikası “Bilimlendiriw haqqında” Nızamı. T.2020 j.
2. Наджимов Г.Н. Народные традиции и культура. Узбекистан 1992.
3. Bobomurodov E. O‘zbekiston yoshlarining ijtimoiy psixologiyasi. T. 2010.
4. Abdimuratov P.S. O‘zbekistonda talim-tarbiyaning milliy-ma’naviy asoslari.-N.,2016.